# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## 2021-2022-оқыў жылы Август кеңеслерине таярлық көриў ҳәм өткериў ҳаққында

2021-2022-оқыў жылы алдынан халық билимлендириў мәкемелери баслықларының жуўапкершилигин ҳәм белсендилигин, тараўда жумыс алып барып атырған педагог хызметкерлердиң шеберликлерин жәнеде асырыў, алдыңғы ис-тәжрийбелерди ен жайдырыў, оқыў дәстүрлери ҳәм сабақлықлардағы жаңалықлар, өзгерислерди тараў хызметкерлерине жеткериў, жаңа оқыў жылында тәлим-тәрбия сыпатын жәнеде асырыў бойынша әҳмийетли ҳәм алдағы бағдарларды белгилеп алыў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 1-июльдағы «2021-2022-оқыў жылы Август кеңеслерине таярлық көриў ҳәм өткериў ҳаққында»ғы 204-санлы буйрығы орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Жоқарыдағы буйрық пенен:

Халық билимлендириў тараўында 2021-2022-оқыў жылы Август кеңеслери төмендеги еки басқышта шөлкемлестирилиўи;

1-басқыш республика оқыў-семинары усы жылдың 17-18-август күнлери онлайн сабақ формасында;

2-басқыш улыўма орта билим бериў мектеплеринде усы жылдың 23-28-август күнлери даўамында педагогикалық кеңес формасында өткерилиўи;

2021-2022-оқыў жылы Август кеңеслерине (кейинги орынларда-Август кеңеслери) таярлық көриў ҳәм оны өткериў бойынша Республика исши топар қурамы 1-қосымшаға, республика оқыў-семинары дәстүри 2-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы;

Август кеңеслерине таярлық көриў ҳәм оны өткериў бойынша Республика исши топары (У.Шарифходжаев) на:

онлайн формада болып өтетуғын республика оқыў семинары баянатларын видео репортаж көринисинде усы жылдың 1-август күнине шекем сүўретке алыў;

усы видео репортажларды усы жылдың 17-18-август күнлери «онлайн мектеп» темасында эфирге бериў;

видео репортаж көринисиндеги республика оқыў семинары баянатлары ҳәм презентацияларын министрлик, Республика билимлендириў орайының рәсмий веб-сайтларына жайластырыў;

усы буйрықта белгиленген ўазыйпаларды белгиленген мүддетлерде сыпатлы орынланыўын тәмийинлеў ҳәм қадағалаў ўазыйпалары жүклетилгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. 2021-2022-оқыў жылы Август кеңеслерине таярлық көриў ҳәм оны өткериў бойынша Қарақалпақстан Республика Халық билимлендириў тараўы бойынша Исши топар қурамы қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Август кеңеслерине таярлық көриў ҳәм оны өткериў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў тараўы бойынша Исши топары (Қ.Бекбаўлиев)на:

Онлайн сабақ формасындағы республикалық оқыў семинарын эфирге бериў кестесин барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелерине жеткериў ҳәм де педагогларды хабардар етиў;

Усы жылдың 17-18-август күнлери «онлайн мектеп» атамасында эфирге берилетуғын республика оқыў-семинары видео репортажларын барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери педагог хызметкерлерининң көриўлерин шөлкемлестириў;

Усы жылдың 23-28-август күнлери улыўма орта билим бериў мектеплеринде педагогикалық кеңес жыйналысларын өткетиў;

видео репортаж көринисиндеги республика оқыў семинары баянатлары ҳәм презентацияларын министрлик, Республика билимлендириў орайының рәсмий веб-сайтларына жайластырыў;

усы буйрықта белгиленген ўазыйпаларды белгиленген мүддетлерде сыпатлы орынланыўын тәмийинлеў ҳәм қадағалаў ўазыйпалары жүклетилсин.

5. Республикалық билимлендириў орайы (Қ.Жубанов), Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими (М.Асеметдинов), Педагогикалық-психологиялық диагностика жумысларын шөлкемлестириў бөлими (Е.Нуртаев) не;

Онлайн сабақ көринисинде республикалық оқыў семинарын эфирге бериў кестесин министрликтиң социаллық тармақларында тийисли каналларында жәриялаў;

республикалық оқыў семинарын онлайн сабақ формасында өткериў бойынша барлық шөлкемлестириў жумысларын әмелге асырыў ўазыйпалары жүклетилсин.

6. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими ҳәм республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери баслықларына жоқарыда көрсетип өтилген ўазыйпаларды тийисли тәртипте әмелге асырыў ҳәм де ғалаба хабар қураллары арқалы кең түрде жәриялап барыў;

Усы буйрықта белгиленген ўазыйпалардың орынланыўы ҳаққындағы мағлыўматларды усы жылдың 5-сентябрь сәнесине шекем Республикалық билимлендириў орайы (Қ.Жубанов) на усыныў ўазыйпалары жүклетилсин.

7. Мәлимлеме хызмети (Т.Даўлетмуратов) не Август кеңеслерине таярлық көриў ҳәм оларды өткериў процесслерин ғалаба хабар қураллары арқалы жарытып барыў усыныс етилсин.

8. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаўлиевқа тапсырылсын.

**Министр** **Р.Реимов**

**Нөкис қаласы,**
**2021 жыл 05 -июль**
164 **-санлы**

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министриниң
2021-жыл 05 - Июль дағы
164-санлы буйрығына қосымша

**2021-2022-оқыў жылы Август кеңеслерине таярлық көриў ҳәм оны өткериў бойынша Республика исши топары**
**ҚУРАМЫ**

| Қ/с | Ф.И.О | Лаўазымы |
|---|---|---|
| 1 | Қ.Бекбаўлиев | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри биринши орынбасары ў.ў.а, исши топар баслығы |
| 2 | Қ.Жубанов | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў орайы директоры, исши топар баслығы орынбасары |
| 3 | М.Асеметдинов | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги бөлим баслығы, ағза |
| 4 | Е.Нуртаев | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги сектор баслығы, ағза |
| 5 | Т.Даўлетмуратов | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги мәлимлеме хызмети, ағза |
| 6 | А.Даулетбаев | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў орайы директоры орынбасары, ағза |
| 7 | Ж.Исметуллаев | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў орайы методисти, хаткер |

*Еслетпе:Барлық район (қала) лық халық билимлендириў бөлимлери ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери баслықлары шөлкемлестириў комиссиясы ағзасы есапланады.*